

Pou Adolesan: Byenvini nan Swen pou adolesan

Ekip Swen Ou an:

Lè Klinik lan Ouvè:

Pou pran / anile yon randevou:

Yon kay medikal se yon patenarya ki baze sou konfyans ant yon ekip swen sante ak yon pasyan enfòme (**Ou menm!**). Nou bay bonjan kalite swen sante pou adolesan ak jèn adilt. Nou vle travay avèk ou menm ak fanmi/gadyen ou pou ba ou swen sante ou bezwen an.

Sèvis nou ofri ou kòm kay medikal ou:

- Swen sante fizik
- Swen sante emosyonèl oswa mantal
- Swen sante preventif (ede ou evite w vin malad pi devan)
- Swen nan maladi ki pa dire ak swen pou pwoblèm sante ki kontinye

Antanke kay medikal ou, nou ap gen objektif pou nou:

- **Mande w** objektif ou ak lide w sou fason pou nou amelyore sante ou.
- **Tande w** epi pale de nenpòt enkyetid ou genyen.
- **Ede w** atravè enfòmasyon n ap ba ou sou kondisyon sante w nan yon fason ou ka konprann byen fasil.
- **Reponn** byen vit a apèl ou, kesyon ak enkyetid ou yo.
- **Raple w** lè ou sipoze fè egzamen fizik, pran vaksen ak fè tès depistaj.
- **Mete w** okouran de rezulta tès ki anòmal yo pi bonè ke nou kapab.
- **Ede w** jwenn tretman nan men lòt founisè swen sante oswa espesyalis si sa nesesè.

Fè pati yon kay medikal vle di nou mete konfyans nou nan ou pou:

- Ou aprann pwoblèm medikal ou yo epi fè nou konnen si ou pa konprann yon bagay sou sa nou diskite yo.
- Swiv plan tretman ke nou dakò a pi byen ke ou kapab.
- **Onèt.** Pale nou de istwa medikal ou, move konpòtman yo, ak tout medikaman w ap pran yo.
- Di nou lè lòt founisè swen sante yo fè pati swen ou. Mande yo voye yon rapò pou nou si ou wè yo andeyò klinik nou an.
- Toujou alè nan randevou ou yo. Si ou pa ka vini nan randevou ou, rele pou chanje oswa anile li omwen 24 èdtan davans.
- **Vini nan klinik lan lè w malad** olye w ale nan Sal dijans lan chak fwa sa posib. Konsa, yon moun ki konnen w ak istorik medikal ou ka pran swen ou.
- Enskri pou w ka gen aksè a **Pòtay Pasyan MyChart la.**
- Di nou ki jan nou ka amelyore sèvis nou yo.

Anplwaye nou yo disponib pou diskite sou pwoblèm sante ou oswa pou reponn kesyon w yo. Nou vle travay avèk ou pou ede ou fè pi bon chwa pou yon avni ki an sante.

Dwa Sante pou Adolesan

1. Nou pap trete w yon lòt jan poutèt ras ou, koulè po w, kote ou te fèt la, sitiyasyon imigrasyon ou, reliyon, sèks, laj, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl, andikap, oswa asirans sante w.
2. Tout anplwaye ap trete ou ak respè.
3. Si paran/gadyen ou an avè w, nou mande yo pou yo pran yon pati nan vizit la pou yo kite w poukонт ou – sa a se tan ou pou ou pale ak nou an prive. Si ou santi ou alèz, nou sijere tou ke ou pataje enfòmasyon nou diskite avèk ou yo ak paran/gadyen ou a oswa yon lòt granmoun ou fè konfyans nan lavi ou.
4. Anplwaye nou yo pa pral pataje enfòmasyon prive ou ak lòt moun san ou pa di nou si nou ka fè sa (bay konsantman) sof si lavi ou oswa lavi yon lòt moun an danje.
 - A) Selon Iwa Eta New York, tout adolesan ka jwenn sèvis sa yo **San** pèmisyon paran yo oswa gadyen legal yo:
 - Tès gwosès, swen avan akouchman, konsèy opsyon ak referans pou sèvis avòtman
 - Enfòmasyon sou kontwòl nesans ak kontraseptif
 - Tès ak tretman pou enfeksyon seksyèlman transmisib (MST)
 - Tretman pou moun k ap pran sibstans
 - Kèk tretman sante mantal
 - B) (Dapre lalwa) Nou oblige pataje kèk nan enfòmasyon prive ou lè:
 - Ou di anplwaye nou yo ke yon granmoun ap fè ou mal oswa nou sispèk sa.
 - Ou di anplwaye nou yo ke ou vle fè tèt ou mal.
 - Ou di anplwaye nou yo ke ou vle fè yon lòt moun mal.

Tout lòt enfòmasyon yo ap rete konfidansyèl ant ou menm ak ekip swen ou an.

5. Nou pral travay ansanm avèk ou pou deside swen ou bezwen an. Ou pral resevwa pi bon swen posib la epi yo pral eksplike ou opsyon pou swen ou yo.
6. Si ou gen kesyon sou dwa ou oswa ou santi yo pa byen trete w, tanpri enfòme anplwaye nou yo.

Resous sou entènèt

Nycyouthhealth.org

Nyc.gov/teen

Aap.org

Youngwomenshealth.org

Youngmenshealthsite.org

Haitian Creole_10/2020